

# NÒT SOU MANJE NAN KOLONI FRANSE SEN-DOMENG

AK : MAX MANIGAT

(DUCOEURJOLY S. J. *Manuel des Habitans de St. Domingue*. Paris, 1802 ; 2 tomes.)

Nan dezyèm tòt liv li-a, paj 283 rive paj 355, *Ducoeurjoly S. J.* pibliye youn *Vocabulaire français et créole*. Max Bissainthe nan *Dictionnaire de Bibliographie haïtienne*, 1951, li-a di se premye fwa sa te fèt.

Vokabilè-a enteresan anpil pou nou wè kouman yo te pale lanng kreyòl-la nan tan lakoloni. Li ban nou tou youn bann mo ki te kouran nan tan sa-a k'ap fin pèdi jodiya. Anpil esplikasyon sou koutim, manje, plant, fè nou dekouvri kantite detay nan lavi èpòk sa-a.

Men youn lis ansyen mo sa-yo ki ba nou ranseyman sou sa mounn te manje nan koloni Sen-Domeng-la. Ganyen nan yo nou prèske pa tande ankò. M'ap fè kèk komantè sou yo.

M'ap prezante, an ti lèt majiskil, tradiksyon kreyòl ansyen-yo jan *Ducoeurjoly* te ekri-yo a ; akote, m'ap mete, nan mitan de kwochè [...], mo sa-yo nan otograf modèn-nan. Jan nou ta pwononse yo jodiya ; pou fini m'ap tradui an Kreyòl esplikasyon franse-yo jan yo parèt nan liv-la.

Komantè mwen yo ap toujou konmanse avèk youn asterisk (\*) :

A).

Z'ABEILLE [zabèy] : *Abeille*

\* Nan ansyen kreyòl-la yo te konn rele **myèl** « mouch a myèl ». Jodiya se ensèk ki bay **siwo myèl** ak **lasi** nou rele **myèl**. Mo zabèy-la, nou pa tande-l souvan ankò.

Z'ABRICOT - ... - COMPOTE Z'ABRICOT [zabriko - ... - konpòt zabriko] : *Abricot - ... - compote d'abricot*

Fwi. Zabriko nan Antiy-yo pa sanble « *abricot* » an Ewòp-la. Premye-a gwo kankou youn melon, won, avèk youn po pwès yo wete tankou po youn zoranj, chè-li jòn epi fèm, bon gou.

\* *Ducoeurjoly* pa bay preparasyon konpòt zabriko-a. Youn *compote* fèt avèk fwi-a, youn ti dlo epi sik. Nou toujou konnen **konfiti zabriko**. Konfiti se fwi-a kuit nan sik.

ACRA [akra] : *Acras*

Youn kalite benyen Afriken-yo fè avèk farin pwa.

\*Jodiya, plis akra se avèk malanga (tayo nan Nò) yo prepare yo. Akra pwa nèg (pwa enkoni nan Lwès) toujou rete popilè nan Nò. Sa nou rele marinad-la se akra li rele nan anpil lòt zile nan Karayib-la.

Gan youn akra Izrayelyen ak Arab-yo manje ki rele **falafel**. Li fèt ak *chick peas* seche yo mete tranpe nan dlo pou 48-è. Apre yo pase-l nan moulen, yo mete sèl, pimant, zepis. Yo woule-l an boul gwosè youn ze epi yo fri-l.

*Chick peas* rele *garbanzo* an panyòl, *pois chiche* an franse.

Z'ANANA [zannanna, anana] : *Ananas*

Plant ki bay youn fwi mou n renmen anpil, (li) si.

\* Sanble yo pa te konn fè konfiti zannanna nan tan sa-a. *Ducoeurjoly* pa di sa.

Z'ANCHOIS [anchwa] : *Anchois, petit poisson*

\*Nan « *Haitian-English Dictionary* » *Bryant Freeman* ak *Jowèl Laguerre*—a nou jwenn **anchwa** ak **janchwa**.

\*Se pa tout Ayisyen andeyò ki konnen mo sa-yo. Mwen pa sonje mwen te janm tande yo lè m'te piti.

Z'ANGUILLE [zangi, zangiy] : *Anguille, poisson d'eau douce*

Youn pwason dlo dous.

\* Lè m'te piti te ganyen de gwo zangi nan larivyè Odikap. Mounn pa te renmen manje yo twòp pase sa paske anpil nan yo te pè yo. Yo te kwè yo sanble ak koukè.

Z'ANDOLY, LY MANGÉ Z'ANDOLY [zandolit, li manje zandolit] : *Annoli - ... - il mange les annolis*.

Youn espès ti leza longè youn dwèt.

\* Remak *Ducoeurjoly*-a fè nou espante. Nou konnen yo manje leza, igwann, kayiman men nou pa janm tande yo manje zandolit. Eske se t'ava youn koutim nan tan lakoloni ki ta disparèt ?

Z'AVOCAT [zaboka] : *Avocat*

Fwi koulè vèt, youn gwo pyebwa, ki gwosè youn ze otrich. Li ganyen youn gwo grenn jòn anndan-l. Chè li jòn osnon blan, gou-l fad ; yo manje-l kri avec youn sòs pwav.

\* Eske te ganyen otrich Sen-Domeng pou *Ducoeurjoly* bay ekzanp sa-a ? Nou pap kouri di non. Anpil bagay nou pa wè kounyè-a te konn pase nan koloni Sen-Domeng-nan. Ekzanp : *Moreau de St-Méry* rapòte youn kolon Msye *Walsh*, pwopriyete abitasyon Lamin bò Wananment, te konmande, bò lanne 1750 konsa, plizyè chamo pou te pote chay. Men yo pa te janm fè pitit. Sa k'fè yo sispann voye chèche bèt sa-yo se paske yo te fè chwal-yo pè epi anpil aksidan te konn rive poutèt sa.

AZY [azi] = *Azy*

Plant ...avèk rasin li plen ti yanm gwosè nwazèt ; po-l fen, li soti fasil kan yo bouyi-l.

\* Nou pa jwenn mo sa-a ni nan *Freeman/Laguerre* ni nan « *Lexicréole* » *Jeannot Hilaire*-la. Mwen pa sonje mwen janm tande li. Eske se pa ta : topinanbou / topimanbo ? (PIPLIS DÈYÈ)

© Max Manigat 2006

## KIKI WAINWRIGHT FÉ DEKABÉS

4èm Pati

Kòmantè: Dr. Gérard Campfort

### Tu m'enseignes les principes de la démocratie

*Comme une leçon de grammaire*

*Sur un tableau troué de balles,*

constate Kiki Wainwright.

Précisément, le mot de démocratie, la dernière trouvaille en date, a été porté à la dimension d'une parole d'évangile pour justifier des interventions dont l'objectif était la satisfaction des intérêts du caméléon. Cherchez, après, la moindre trace de bien-être, le moindre souci de mettre la démocratie en marche, vous ne trouverez qu'assassinats, corruptions, manque de respect des droits humains et dégradation de la qualité de la vie. L'œuvre de l'araignée - une autre facette du même individu - n'en est pas moins grande.

Kiki Wainwright constate en effet :

*toi l'araignée tu tisses la toile argentée  
pour mieux attraper ta proie.*

Le poète fait référence, à mon avis, à trois réalités simultanément : au niveau le plus simple, à la couleur apparente de la toile; ensuite, à la texture, à l'organisation du travail grâce à laquelle les fils deviennent tissu, toile d'araignée, piège, donc en mesure d'empêtrer certains individus, de les tenir prisonniers ; et, en fin de compte, à la pièce sonnante et

## Décès de Thomas Louis Aux Cayes

C'est avec infiniment de peine que nous annonçons la mort de **Thomas Louis** survenue le Jeudi 18 Août 2006 à l'âge de 80 ans après une courte maladie.

En cette pénible circonstance nous présentons nos sincères condoléances à son épouse Roselord Louis née Roselord Latour, à ses enfants Chantale Banaty et famille, Josiane Louis et famille, Josiane Louis et famille, Joëlle Louis et famille, à Harry Louis et famille, à tous ses petits enfants, à sa sœur Georgette Louis et famille, Carmélia Perrin et famille, à ses beaux enfants Myrlène Daudier Lagroue et famille, Kénold Daudier et famille, Jean Michel Daudier et famille, à Sabrina Daudier Florent et famille, à Jean-Marie Willer Denis dit Jan Mapou et famille, à ses neveux et nièces Jean Robert Louis et famille, à Aurore Louis Claude et famille, à Flore Louis Hérald et famille, à Yves Louis et famille, Pierre Michel Chavannes et famille, à Thomas Chavannes et famille, à Léonard Chavannes, à Claude Chavannes et Famille, à Mme Myrna Perrin et famille, au Dr. René Rulx Perrin et famille, Grégory Perrin et famille, Ricardo Perrin et famille, Mme Ginette Plummer et famille, Evelyne Plummer et famille, Mr. George Plummer et famille, à sa commère Yolène Numa et famille, à ses beaux frères et belles sœurs Célie Louis et famille, Madame Nativa Supplice et famille, Stave Latour, Victor Latour, Joseph Latour.

Aux familles Louis, Latour, Chavannes, Daudier, Denis, Florent, Lagroue, Plummer, Supplice, Numa et tous les autres parents et amis affectés par ce deuil :

Les funérailles de notre regretté Thomas Louis seront chantées à la Cathédrale des Cayes le Samedi 26 Août 2006 à 3 heures de l'après midi où la dépouille mortelle sera exposée dès 2h PM. L'inhumation se fera à Charpentier à l'entrée de la route de Finca.

La famille reçoit le vendredi 25 Août de 7h à 9h PM, pour la veillée à l'entreprise Jérusalem à la rue du Quai.

Un service de transportation sera disponible pour les funérailles. Paix à son âme.

trébuchante : l'argent proprement dit. Il est aisé de constater, à quel point, certains êtres humains en sont arrivés à mettre l'argent au-dessus de toutes les valeurs, au-dessus de leur vie et de leur propre bonheur. Aux Etats-Unis d'Amérique, plus d'un recherche systématiquement le scandale pour les avantages pécuniaires qu'il offre et ne pense même pas que, sans avoir l'occasion d'en jouir, l'on risque de se retrouver en taule. L'argent, directement ou indirectement, est à la base de presque tous les crimes violents et horribles qui se sont perpétrés, de nos jours, à travers le monde.

La poésie de Kiki Wainwright, comme toute poésie véritable, est un plaidoyer en faveur de la vie, en faveur d'une certaine qualité de l'existence qu'il appelle le **positif**. En tant qu'engagée, elle ne verse pas, heureusement, dans la déclamation ou les slogans qui ont, pendant longtemps, constitué un piège pour ce genre de poésie. Kiki Wainwright a su trouver un bel équilibre entre les exigences du langage poétique contemporain et celles du message politique et social à transmettre. Ce qui nous a valu des vers très beaux, simples en apparence et qui puisent leur inspiration dans la réalité et le parler quotidiens des Haïtiens. Voici, en exemple, quelques vers :

*les fleurs du printemps  
éparses dans le vent  
se fanent au gré du temps.*

Ici, les rimes ponctuent ces vers avec, chaque fois, la coquetterie d'un pied supplémentaire. (ASUIVRE)

## LIBRERI MAPOU

5919NE 2nd Av. Miami Fl. 33137/305-757-9922

\* La constitution de 1805/Deux cents ans

après/ **Bell Angelot**

Etensèl Mo M Yo: **André Fouad** \$10.-

\*Sourire dans le miroir: **Luc**

**Ronel(Ron)**\$15cd

\*Agasya(Woman kreyol) Emile-Célestin Mégie(Togiram) Pri pwomosyon: \$5;00

\*Kayimit Vyolèt CD Kiki Wainwright

\$10.00